

## Enfòmasyon konsènan Enskripsyon Elèv

### **Prèv Adrès Rezidansyèl - Proof of Residence**

Tout elèv dwe frekante lekòl ki nan delimitasyon zòn yo, nan limit zòn jewografik kote paran yo abite, sòf si konsèy edikasyon apwouve lòt direktiv (Policy 5004.1). Paran fè referans ak swa toude paran yo, responsab (guardian) yon elèv, nenpòt moun ki ranpli wòl paran, oswa moun ki gen otorite sipèvize elèv la nan plas paran li (F.S. 1000.21(5)). Prèv kote paran rete (*proof of residence*) obligatwa sa va pèmèt anwole yon elèv nan lekòl ki deziye pou li ale a; sepandan, egzije prèv adrès rezidansyèl pa ta dwe retade anwolman nan yon lekòl. Lè lekòl louvri pou enstriksyon, si yon paran pa pare pou soumèt dokimantasyon ki ekzijib, lekòl la dwe asire elèv la anwole pwovizwaman. Paran dwe soumèt tout dokiman ki ekzijib nan trant (30) jou.

Pou soumèt aktyèl prèv adrès rezidansyèl, gade nan tablo a, selon tip rezidans si ou POSEDE oswa LWE yon kay:

- Soumèt yon dokiman, gade nan kolonn A, pou lòt dokiman la gade nan kolonn B

Si ou PATAJE lojman (housing) ak yon lòt moun ki posede/lwe kay la:

- Paran k'ap enskri elèv la ak pwopriyetè/lokatè dwe konplete fòm afidavi sou moun ki pataje lojman (Affidavit of Shared Residence Form) epi fè notarye fòm la.
- Pwopriyetè/lokatè kay la dwe soumèt yon sèl dokiman gade nan chak kolonn, kolonn A ak kolonn B; epi,
- Paran k'ap enskri (anrejistre) elèv la dwe soumèt de (2) dokiman gade nan kolonn B (Column B).

Si ou reponn "wi" nan sèten kesyon ki gen rapò ak kote ou rete (kay/lojman) sou fòm enskipsyon pou elèv ou ka kalifye pou resevwa sèvis pwogram pou elèv san lojman, HOMELESS Education Program (HEP) anba Iwa McKinney-Vento Act.

- Lekòl la va voye yon referral bay moun ki Lyezon nan distri a (Homeless Education Liaison) epi, si elèv la kalifye, elèv va elijib pou li resevwa sèvis imedyatman.
- Chak anne eskolè, elèv k'enskri anba Iwa McKinney-Vento Act dwe re-anwole.

Tout dokiman dwe aktyèl, valid, epi enkli adrès rezidansyèl ou te itilize lè anwolman	
KOLONN A - COLUMN A	KOLONN B - COLUMN B
<ul style="list-style-type: none"> <li>• Bil taks pwopriyete - <i>Property tax bill</i></li> <li>• Kat egzansyon taks pwopriyete - <i>Homestead exemption card</i></li> <li>• Papye ka ou - <i>Deed</i></li> <li>• Relvedkont mögedj (ipotèk) – <i>Mortgage statement</i></li> <li>• Kontra acha kay - <i>Home purchase contract</i></li> <li>• Kontra lwavey notarye - <i>Notarized lease agreement</i></li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Bil/bòdwò sèvis itilite publik (vledi bil elektrisite, dlo, fatra)</li> <li>• Bil telefòn oswa selilè</li> <li>• Asosiyasyon mèt kay oswa asosiyasyon kondominyòm ba-ou lèt verifikasyon kontra lwavey (verification Tenancy letter)</li> <li>• Fòm Deklarasyon domisil obtensi nan Depatman County Records</li> <li>• Lisans chofè Leta Florid - <i>Florida driver's license</i></li> <li>• Kat didantite Leta Florid - <i>Florida identification card</i></li> <li>• Kat rejistrasyon otomobil - <i>Automobile registration</i></li> <li>• Asirans oto - <i>Automobile insurance</i></li> <li>• Etadkont kat kredi - <i>Credit card statement</i></li> <li>• 2 etadkont kat kredi - <i>Two consecutive bank account statements</i></li> <li>• Konfirmasyon demann chanjman adrès nan lapòs - <i>U.S. Postal Service confirmation of address change request</i></li> </ul>

### **Dosye eskolè - School Records (si genyen)**

- Soumèt kanè ak/oswa relvednòt (transcript) pi resan, lekòl la va revwa dokiman an pou konnen nan ki klas pitit ou prale (plasman nan klas apwopriye); oswa,
- Konplete *Release of Information Form* (yon fòm ki otorize kominike enfòmasyon) epi lekòl pitit ou va mande dosye edikasyonèl ki nesesè bòkote tout pwogram edikatif pitit ou te frekante anvan.

### **Prèv (vidans) egzamen medikal**

- Elèv ki anwole nan yon lekòl publik Florid pou lapremyè fwa dwe soumèt prèv egzamen medikal, se yon doktè ki dwe fè konsiltasyon an nan douz mwa anvan premye anwolman.

## **Prèv elèv la pran vaksen**

Soumèt yon sètifika vaksen Florid (Fòm DH 680) – [Florida Certificate of Immunization Form (Form DH 680)].

- Depatman Sante Florid pibliye chak anne ki vaksen ki obligatwa nan yon publikasyon ofisyèl entitle, "Immunization Guidelines: Florida Schools, Child Care Facilities and Family Day Care Homes."
- Elèv yo ka ale lekòl san yo pa gen yon sètifika vaksen, *Florida Certificate of Immunization* si yo gen swa yon:
  - Egzansyon relije (Fòm DH 681) - *Religious Exemption (Form DH 681)*
  - Egzansyon tanporè (Fòm DH 680, Pati B) - *Temporary Exemption (Form DH 680, Part B)*
  - Egzansyon medikal (Fòm DH680, Pati C) - *Medical Exemption (Form DH680, Part C)*
  - Pou nouvo elèv, ki te andeyò distri a e ki gen yon transfè, Direktè lekòl la ka akòde yon egzansyon tanporè ki dire 30-jou

## **Prèv Laj**

Soumèt yon sèl fòm verifikasyon laj elèv, men lòd preferans ki endike anba a:

- Sètifika ak denesans ofisyèl – *Official Birth Certificate*
  - Yon ak denesans, yon ekstrè ak denesans sètifye ki anrejiste nesans timoun lan swivan lalwa, ke ofisye eta sivil anchaj transkri.
- Sètifika batèm - *Certificate of Baptism*
  - Yon sètifika batèm avèk dat nesans timoun lan epi kote batèm la te fèt, akonpaye ak afidavi, deklarasyon sou sèman paran fè.
- Polis asirans - *Insurance Policy*
  - Pwoteksyon vi timoun lan grasa polis asirans, asirans ki an vigè depi dezan omwens.
- Dosye relije - *Religious Record*
  - Yon afidavi ak deklarasyon sou sèman paran fè, dwe akonpanye aktyèl sètifika relije de bonn fwa, ki anrejistre nesans timoun lan.
- Paspò - *Passport*
  - Yon paspò oswa sètifika ki anrejistre dat timoun nan ratre nan peyi Etazini (certificate of arrival) epi ki endike laj timoun nan.
  - NOTE: Kèlkeswa sikontans, manb estaf pa dwe mande wè paspò, viza, oswa lòt dokimantasyon pou verifye estati imigrasyon nenpòt elèv.
- Relvednòt - *Transcript*
  - Laj timoun nan anrejistre nan dosye eskolè timoun nan omwens katran anvan aplikasyon an, dat nesans la endike.
- Deklarasyon sou sèman - *Sworn Affidavit*
  - Yon afidavi ak deklarasyon sou sèman, ke yon paran fè; afidavi a akonpanye ak yon sètifika laj (certificate of age) ke yon ofisye sante piblik siyen oubyen yon doktè ki gen lisans siyen, kote li deklare li fè yon konsiltasyon pou timoun nan epi li kwè laj ki mansyone nan afidavi a kòrèk, pa chanje.

## **Enfòmasyon adisyonèl**

- *Affidavit of Person Acting as Parent* – Afidavi pou moun k'ap aji kòm paran: Nan ka yon elèv pap viv ak paran oswa responsab legal li (guardian), ranpli fòm *Person Acting as Parent Form* (moun k'ap aji kòm paran) ke lekòl la va revwa. Bi fòm sa se pou verifye estati moun k'ap ranpli wòl paran konfòmeman ak regleman School Board Policy 5.1. Lekòl la va asepte sèlman fòm ki notarye. Soumèt fòm la pa garanti anwolman nan lekòl sa. Moun ki aji kòm paran dwe bay prèv elèv la rete nan kay sa akòz sikontans esepsyonèl men li pa vin rete espre nan zòn lan pou li satisfè kondisyon elijibilite lekòl sa anpatikilye.
- Elèv la ak/oswa paran elèv la ka bay lekòl la enfòmasyon. Lekòl la andwa verifye nenpòt enfòmasyon ou ba-li.
- Manman oswa papa ki depoze fo papye epi bay fo enfòmasyon pou enskri yon elèv nan yon lekòl ki pa nan zòn lekòl elèv la, se va rezon pou fè lekòl la retire touswit elèv la pou lal anwole nan lekòl zòn kay li, ki apwopriye.
- Nenpòt moun ki konsyamman fè yon fo deklarasyon alekri nan entansyon twonpe vijilans yon anplwaye nan fonksyon ofisyèl li, moun la koupab yon deli dezyèm degree ke lalwa pini (F.S. 837.06) oswa moun la koupab krim perjury sou fo deklarasyon alekri. Se yon krim twazyèm degre (F.S. 92.525).
- Pou plis enfòmasyon, konsilte Policy 5.1